



Cambridge Public Schools te adopte yon nouvo kourikoulòm/pwogram matematik elemantè: Matematik ilistratif. Kourikoulòm ki baze sou pwoblèm sa a rann matematik rijd lekòl primè a aksesib pou tout aprenan yo.



Kounye a nou se youn nan sèl distri nan peyi a ki itilize Matematik ilistratif depi nan lekòl primè rive nan lekòl segondè.

Kisa yon kourikoulòm baze sou pwoblèm ye?

Nan yon kourikoulòm aprantisaj ki baze sou pwoblèm, elèv yo pase pifò tan yo nan klas yo ap rezoud pwoblèm enteresan. Pwofesè yo la pou ede elèv yo konprann pwoblèm yo, pou poze yo kesyon pou fè yo reflechi, epi itilize diskisyon klas yo pou fè si tout moun konprann konsèp matematik yo.

Fason pou aprann matematik sa a kapab diferan de fason adilt yo te aprann li lè yo te timoun. Rechèch montre ke li enpòtan anpil pou timoun yo kapab reflechi epi rezoud pwoblèm nan fason fleksib, epi fè koneksyon ant lide. Sa ede yo pa selman nan lavi chak jou yo, men tou nan tès yo pran nan lekòl la.

Ki sipò ki genyen nan materyèl yo pou ede elèv mwen an reyisi?

- Echofman:** Chak klas matematik kòmanse ak yon aktivite echofman ki prezante sijè matematik la pou jounen an. Echofman sa yo suiv yon modèl familye, pou ede elèv yo abitye ak yo. Nou ankouraje tout moun nan klas la pou pataje refleksyon ak kesyon yo nan moman sa a.
- Sentèz Aktivite ak Leson:** Apre chak aktivite oswa lesion, genyen yon tan "sentèz" kote nou rasanble tout konsèp matematik kle yo epi diskite yo. Elèv yo gen opòtinite pou eksprime sa yo aprann nan aktivite a ak lesion an epi eksplike kijan li konekte ak lòt lide matematik.
- Rezime Seksyon:** Nan fen kèk lesion, genyen yon rezime tou kout sou lide matematik enpòtan nou te aprann yo. Rezime a anpil fwa enkli imaj ak egzanp pwoblèm. Elèv yo ka itilize seksyon sa yo pou repase sa yo aprann nan.
- Reprezentasyon:** Kourikoulòm nan itilize kèk reprezentasyon vizyèl chwazi ak anpil atansyon ke elèv yo ka itilize pou bay sans nan lide matematik yo. Elèv yo ka chwazi sa ki fè sans pou yo. Vizyèl sa yo ede elèv yo konprann epi rezoud pwoblèm yo.



- **Materyèl Sipò pou Responsab yo:** Nan chak inite genyen yon lèt ak yon video sou kontni matematik inite a, ak kesyon pou poze oswa pwoblèm pou travay sou yo ak elèv ou a.

Kijan mwen ka sipòte/akonpaye elèv mwen an nan matematik?



Nou kontan anpil pou nou kapab sipòte/akonpaye elèv ou a nan pakou li nan konesans, itilizasyon, ak apresyasyon matematik.